

*"Moun ki kouè nan Ptit Gason an gin lavi éténél: é moun ki pa kouè nan Ptit Gason an pap ouè lavi; min kòlè Bondié a ap déméré sou li."* Jan 3:36

*"E ninpòt moun yo pat jouinn ekri nan liv lavi a yo té jété yo nan létan di-fé a."* Revelasyon 20:15

Si ti bwochi sa te ankouraje w aksepte Jezi Kris, pase vizite noupou nou kapab rejwi ansanm avèk w nan desizyon w pran pou resevwa Kris kòm Sovè w.



P.O. BOX 1115 • YORK, SC 29745 • 803-684-1535  
WWW.HOPETRACTS.ORG  
Are You 100% Sure? (Haitian Creole) Tract 467



**ESKE W  
SÈTEN  
100%?**

Bib la se **Pawòl Bondye** a. Bondye di, nou tout genyen yon randevou avèk lanmò. "E minm jan li rezévé pou lòm yo mouri youn foua, min apré sa jjiman an;" Ebré 9:27

Nanwen lòt desizyon ki pi enpòtan pase preparasyon w fè pou kontre avèk Bondye! Eske yon moun kapab sèten a 100% ke l'ap ale nan syèl?

**Bondye di**, ou kapab konnen! "Mouin té ekri bagay sa yo pou nou ki kouè nan non Ptit Gason Bondié a, pou nou kapab konnin ké nou gin lavi étènèl, é pou nou kapab kouè nan non Ptit Gason Bondié a." 1 Jan 5:13  
Anpil moun kwè yo va rive nan syèl paske se moun de byen yo ye.

**Bondye di**, nanwen moun ki bon. "Jan li ekri, Pa gin moun ki jis, non pa minm you sèl. Yo tout té soti chémin an, yo tout ansamn té dévni initil; pa gin okinn ki fè byin, non, pa minm you sèl. Paské tout moun té fè péché, é manqué la gloua Bondié;" Romin 3:10,12,23

**Bondye di**, genyen yon penalite ki bezwen peye pou peche nou. "Paské salè péché sé lamò; min kado Bondié a sé lavi étènèl nan Jézu Kri, Ségnè nou." Romin 6:23  
Jezi Kris te mouri pou nou, poutèt nou pa t'ap bezwen ale nan lanfè. "Paské Bondié tèlman rinmin lé monn, ké Li té bay sèl Ptit Gason Li, ké ninpòt moun ki kouè nan Li, pap péri, min va ginyin lavi étènèl." Jan 3:16

"Min Bondié té rékòmandé amou Li ban nou, paské, lè nou té toujou péchè yo, Kris té mouri pou nou." Romin 5:8

Jezi te vese san presye li pou lave peche nou yo. "Nan Sila nou gin redampsion pa san Li, minm padon péchè yo;" Kolosyin 1:14  
Twa jou apre yo mete kadav li nan tonbo a, li leve vivan nan lanmò.

**Bondye di**, fòk nou kwè non sèlman ak lide nou yo, men ak tout kè nou tou. "Ké si ou va konfésé Ségnè Jézu avèk bouch ou, é va kouè nan kè ou, ké Bondié té lévé Li pamí lamò, ou va sové." Romin 10:9

**Bondye di**, fòk nou repanti! "Mouin di nou, non: min si nou pa répanti, nou tout va péri minm jan." Lik 13:3  
Repanti vle di, nou regrett peche nou te fè yo. Kè nou dwe bay peche do, mete lavi nou men Jezi Kris, epi resevwa li kòm Sovè e Senyè. "Paské tristès dapré Bondié akonpli répantans pou salu ké moun pa régrèt: min tristès lé monn akonpli lamò." 2 Korintyin 7:10  
"Min, sa yo ki té résévoua Li, Li té bay yo pouvoua pou dévni pitit gason Bondié yo, minm sa yo ki kouè nan non Li." Jan 1:12

**Bondye di**, ke nenpòt moun kapab sove. "Paské ninpòt moun ki va invoké non Ségnè a va sové." Romin 10:13